



Pou Piblikasyon Imedya: 09/28/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN GWROUP TRAVAY COMMON CORE LA

Gwoup Travay la ap pèfòme Revizyon estanda Ansèyman, Gid Enstriskyon ak Pwogram Etid, Tès pou amelyore enplemantasyon ak redwi angwas Tès

Gouvènè a te lanse [Sitwèb](#) Gwoup Travay la pou ankouraje patisipasyon piblik

Gouvènè Cuomo: "Estanda ansèyman Eta dwe fò, sansib ak ekitab, e paran ak pwofesè yo ta dwe gen konfyans nan estanda sa yo. Gwoup travay sa a ap asire ke sa vini yon reyalite."

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse Gwoup Travay Common Core la – yon gwoup divèsifye ki otman kalifye ki gen ladan ofisyèl edikasyon, pwofesè, paran, ak reprezantan yo ki soti toupatou nan New York ki gen responsabiltè pou revize konplètman epi fè rekòmandasyon pou remanye sistèm Common Core aktyèl la nan fason pou teste elèv nou yo. Gwoup Travay la pral konplete revizyon an epi delivre rekòmandasyon nan fen ane sa a.

Ou ka wè yon videyo Gouvènè Cuomo kap diskite sou Common Core ak Gwoup Travay la sou YouTube [la](#), oswa telechaje nan TV-quality (h264, mp4) kalite [la](#). Yon transkripsyon sou diskou Gouvènè a nan videyo sa disponib nan fen piblikasyon sa a. Videyo sa a disponib tou sou sitwèb Gwoup Travay la, ny.gov/CommonCoreTaskForce.

Gwoup Travay la ap gen ladan manm nan Nouvo Komisyon Refòm Edikasyon NY Gouvènè a ki gen siksè, ki te jwe yon wòl enstrimantal nan delvope yon plan pou amelyore kalite edikasyon pou tout elèv yo jiska nan dènye rapò l an janvyè 2014. Richard Parsons, ki te prezide Komisyon sa a, ap retounen pou dirije Gwoup Travay Common Core Gouvènè a. Mesye. Parsons se Konseye Prensipal, Providence Equity Partners Inc. ak ansyen Prezidan Administrasyon Citigroup Inc.

Mesye. Parsons te deklare: "Nou tout ka dakò ke elèv nou yo merite tout opòtinite yo ka jwenn pou aprann epi delvope– e lè nou genyen estanda difisil ak ekitab enpòtan pou asire ke yap resevwa opòtinite sa yo. Mwen kontan dèske map travay kòm Prezidan Gwoup Travay Common Core la, paske mwen kwè ke sa se opòtinite nou bezwen pou fikse estanda edikasyon New York epi amelyore lavi ak rezilta ansèyman elèv yo toupatou nan eta. Lè nou pèfòme yon revizyon an pwofondè sou tout bagay apati pwogram etid la pou rive nan tès, nou ka planifye egzakteman sa ki bezwen fèt pou fikse Common Core la. Mwen rekonesan a Gouvènè Cuomo paske li te mande m pou dirije efò enpòtan sa a, e mwen eksite pou m kòmanse travay."

Gouvènè Cuomo kwè ke estanda ansèyman yo ta dwe solid, presiz ak ekitab, paske pou genyen estanda ki pi elve li enpòtan pou asire ke elèv yo edike epi prepare pou avni yo nan kolèj oswa nan travay. Toutfwa, deplwaman enpafè pwogram Common Core la pa Deptman Edikasyon Eta te koze deranjman ak angwas ki dwe fikse, enkli aliyen tès yo nan estanda yo.

Avèk sa nan lespri nou, Gouvènè a te chaje Gwoup Travay la pou:

1. Revize epi refòme Estanda Common Core Eta;
2. Revize direktiv pwogram detid ak resous Eta New York;
3. Devlope yon pwosesis pou asire ke li adapte a pwogram detid la ansanm avèk estanda yo;
4. Egzamine enpak entèdiksyon sou anrejistreman nòt tès Common Core nan dosye elèv yo, epi fè yon rekòmandasyon keseswa li ta dwe pwolonje;
5. Egzamine kijan Eta ak distri lokal yo ka redwi alafwa kantite ak longè tan tès elèv yo, ak delvope yon plan kote distri yo ap enkli paran yo nan revize tès lokal yo ki te administre pou analize objektif ak itilite tès sa yo; ak
6. Revize kalite tès yo pou asire konpetans ak pwofesyonalis nan men konpayi prive ki te kreye epi founi tès yo.

Gouvènè a te mande ke Gwoup Travay la mennen pwosesis li osi transparan ke posib ak pou mande epi konsidere patisipasyon komisyon konsèye rejyonal yo ki gen ladan paran, pwofesè ak edikatè yo nan eta. Yon nouvo sitwèb (ny.gov/CommonCoreTaskForce) te lanse pou ankouraje patisipasyon, enkli pèmèt vizitè yo soumèt kòmantè ak rekòmandasyon a Gwoup Travay la. Rapò Gwoup Travay la ap pibliye piblikman nan fen ane a kidonk tout moun ka revize l e yo ka enpleman chanjman yo rapidman ak efikasan.

Lidè Majorite Sena John J. Flanagan te deklare: “Sena Eta te alavangad nan efò yo pou asire ke ediaksyon nan New York pi santre sou elèv ak paran, e chak salklas dirje pa yon pwofesè pwofesyonèl ki gen piwo kalite. Nan kòmansman ane sa a, nou te pase plizyè pati enpòtan nan lejislasyon an ki te adrese enkyetid ki te gen rapò avèk Common Core ak sipilis tès pou elèv yo – apre yon odyans nan tout eta ak yon rapò te nou pibliye anvansa. Anplis, Sena Repibliken yo te travay di anpil pou elimine konplètman GEA, yon sistèm enjis ki afekte lekòl nou yo. Kesyon an anjeneral merite deba ak diskisyon anplis, e kreyasyon nouvo komite sa a se yon lòt etap pwogrè. Nap rete tann pou n travay avèk Gouvènè Cuomo, paran, pwofesè pou adrese plis enkyetid sou Common Core, e mwèn kontan dèske Senatè Marcellino, yon ansyen pwofesè, manm nan konsèy administrasyon lekòl la ak Prezidan Komite Edikasyon Sena, pral jwe yon wòl enpòtan nan revizyon global sa.”

Prezidan asanble Carl E. Heastie te deklare: “Majorite Asanble a te tandè fristrasyon paran ansanm avèk edikatè yo osijè aplikasyon Common Core nan Eta New York. Nou rete konfidan ke sistèm edikasyon piblik nou an ak elèv nou yo ap pi byen sèvi pa yon efò kolaboratif de moun kap pran desizyon yo, paran ak edikatè yo pou detèmine refòm yo ki pral ogmante investisman istorik ke nou te fè nan edike timoun nou yo. Nou kanpe pare pou travay avèk Gouvènè a, otorite edikasyon eta nou an ak nouvo Gwoup Travay la sou Common Core pou ranfòse edikasyon piblik nan New York.”

Reprezantasyon

Gwoup Travay la gen ladan reprezantasyon ki soti nan yon laj gwoup entèvenan, enkli edikatè, paran, pwofesè, otorite Depatman Edikasyon Eta, otorite sendika pwofesè, ak lejislatè toulè pati yo nan Asanble a ak nan Sena. Reprezantan sa yo gen ladan:

Richard D. Parsons, Konseye prensipal, Providence Equity Partners, LLC ak ansyen prezidan Konsèy Administrasyon Citigroup, Inc.

Richard Parsons se yon Konseye Prensipal nan Providence Equity Partners, Inc., antrepriz investisman ekite prive kap dirije ki spesyalize nan medya, kominikasyon ak enfòmasyon konpayi yo. Li se ansyen Prezidan Konsèy Administrasyon Citigroup, Inc., e li te prezidan Konsèy ak PDG Time Warner, Inc. Mesye. Parsons te okipe diferan pozisyon nan sektè prive a ansanm avèk pozisyon nan gouvènman eta ak federal e li te travay kòm Prezidan Nouvo Komisyon Refòm Edikasyon NY Gouvènè Cuomo a. Li te egalman yon manm nan konsèy administrasyon plizyè konpayi prive ak òganizasyon non-pwofi.

Mèt Anseyan Heather Buskirk, Mohawk Valley; Pwofesè Syans nan Lekòl Segondè Johnstown

Heather Buskirk tap anseye pou 10 ane. Li anseye fizik ak matematik nan Johnstown High School, e li se yon pati entegral planifikasyon ak ansèyman nan pwojè Ansèyman, yon akademi STEM pou elèv Johnstown yo. Anplis de responsabite lekòl li, Madam. Buskirk se yon antrenè enstriksyon nan pwogram P-TECH Hamilton-Fulton-Montgomery kote li travay avèk elèv yo epi bay sipò pou pwofesè yo itilize pwojè ki baze sou ansèyman pou planfiye ak bay pwogram detid la. Nan Pwogram Mèt Anseyan Eta New York la, Madam. Buskirk se yon manm nan Pwojè ki baze sou Ekip Ansèyman Pwofesyonèl e li te fasilite yon atelye travay pou kanmarad li yo ki rele “Pwojè ki Baze sou Ansèyman 101.” Li se egalman yon manm nan Pwogram Delegasyon Mèt Anseyan yo nan Komisyon Konsèy Teach NY, pa filyè Inivèsite Eta New York te konvoke espesyalis nasyonal ak eta pou asire ke gen règleman klè an plas ki alafwa pèmèt epi ede soutni pwofesè egzanplè ak preparasyon pratik lidè yo epi adrese defi pèsistan nan tout liy edikasyon an pou elèv yo.

Geoffrey Canada, Prezidan, Harlem Children’s Zone

Apati 1990 jiska 2014, Geoffrey Canada te travay kòm Prezidan ak Ofisyè Egzekitif anchèf pou Timoun Zòn Harlem yo e yo rekonèt li toupatou nan mond lan pou travay pyonye li nan ede timoun ak fanmi yo nan Harlem, e kòm yon lidè refleksyon ak avoka pasyone pou refòm edikasyon. Jodia li kontinye ap travay kòm Prezidan HCZ ak Konsèy Administrasyon Promise Academy. Mesye. Canada te travay nan Nouvo Komisyon Refòm Edikasyon NY Gouvènè Cuomo a nan 2012 ak nan Komisyon Smart Schools nan 2014. Nan 2011, li te nome nan Konsèy Ekonomik ak Konseye Fiskal Gouvènè a nan Eta New York. Nan 2006, Majistra Vil New York Michael Bloomberg te chwazi Mesye. Canada pou travay kòm ko-prezidan Komisyon sou Opòtinite Ekonomik, responsab pou fòmile yon plan pou redwi nan fason enpòtan povrete. Li se egalman yon konseye pou ak manm konsèy administrasyon plizyè òganizasyon non-pwofi.

Carol L. Conklin-Spillane, Direktè, Sleepy Hollow High

Carol Conklin-Spillane te Direktè Sleepy Hollow High School depi 1994. Lekòl la sèvi yon kominote sosyo-ekonomik ak etnik ki divès nan Konte Westchester e nan 2015 li te idantifye kòm yon lekòl Opòtinite. Li travay kòm yon konsiltan pou distri lekòl piblik yo nan Nò Westchester BOCES, spesyalize nan amelyore lidèchip nan nivo pre-segondè ak segondè, sipòte moun kap aprann lang Angle, amelyore klima lekòl la, fè chanjman nan blòk orè epi bay opòtinite nan enskripsyon ouvè. Anvan manda l nan lekòl piblik yo nan Tarrytowns, li te yon

direktè adjwen nan lekòl segondè ak direktè junior high school, kòmanse karyè l kòm yon pwofesè edikasyon spesyal nan 1979. Madam. Conklin-Spillane te jwenn rekonesans nasyonal pou reyalyasyon l nan delvope pwogram lekòl yo ak pratik kap bay pousantaj gradyasyon ki pi elve. Sou direksyon l, nan 2008 yo te idantifye Sleepy Hollow High School kòm Lekòl Segondè ki *genyen Pi Bon Pratik* pa Fondasyon Magellan; youn nan twa lekòl segondè nan Eta New York ki prezante kòm lekòl modèl kote pratik ak rezilta yo aliyen avèk rechèch sou refòm ak akonplisman lekòl segondè yo. Nan 2014 ASCD te pibliye yon DVD “*Common Core Insider HS Math*” ki rakonte istwa Lekòl Segondè Sleepy Hollow ap transfòme aprantisaj ak ansèyman pou reponn a nouvo defi epi sipòte siksè elèv yo.

MaryEllen Elia, Komisyone Depatman Edikasyon Eta New York

Nan dat 26 Me 2015, Komisyon Dwayen Eta New York te vote pou nome MaryEllen Elia kòm Komisyone Edikasyon ak Prezidan Inivèsite Eta New York (USNY) e li te kòmanse nan nouvo pozisyon an 6 jiyè 2015. USNY gen ladan plis pase 7,000 lekòl primè ak segondè piblik ak endepandan; 270 kolèj ak inivèsite endepandan prive; 7,000 bibliyotèk; 900 mize; 25 etablisman radyo-difizyon piblik; 3,000 referans istorik; 436 lekòl prive; 52 pwofesyon ki anglobe plis pase 850,000 lisans plis 240,000 edikatè sètifye; ak sèvis pou timoun ak adilt ki gen andikap. Anvan li te vini nan Eta New York, Madam. Elia te travay kòm sipè-entandan nan Konte Hillsborough, Florida de 2005 jiska 2015, kote li te gen kredi paske li te ogmante estanda avèk siksè epi ogmante reyisit elèv yo. Pandan manda 10-ane li a, Madam. Elia te fè patenarya avèk pwofesè yo pou delvope yon sistèm evalyasyon konplè plizyè mezi ki rele Abilite Pwofesè Efikas yo. Lekòl piblik nan Konte Hillsborough te rekonèt nan Florid ak nasyonalman paske yo te delvope sistèm lan, e toulèdde Sekretè Edikasyon Etazini Arne Duncan ak Prezian Federasyon Pwofesè Ameriken yo Randi Weingarten te fè lwanj pou sistèm nan pou vas sipò li bay pwofesè yo ak estrikti rekonpans pou pwofesè yo pran pozisyon ki pi difisil.

Constance Evelyn, Sipè-entandan Distri Lekòl Valley Stream

Constance Evelyn te asime wòl Sipè-entandan nan Distri Lekòl Valley Stream nan jiyè 2015. Li te vini nan Valley Stream soti nan Distri lekòl Gran Vil Auburn, kote li te travay kòm sipè-entandan Lekòl yo depi out 2012. Madam. Evelyn te anvansa Sipè-entandan Adjwen Pwogram ak Enstriksyon nan Distri Lekòl Vil Ithaca. Li te travay tou kòm Direktè Middle School alafwa nan lekòl Vil Oswego ak Rome; kòm Direktè Adjwen nan Rome Free Academy; e kòm Spesyalis Ansèyman ak Pwofesè Edikasyon Spesyal nan Distri Lekòl Bedford Central.

Madam. Evelyn te chwazi pou travay nan Komisyon Lekòl Smart Gouvènè Cuomo a nan 2014.

Catalina R. Fortino, Vis Prezidan, New York State United Teachers (NYSUT)

Catalina R. Fortino te nome kòm Vis Prezidan NYSUT nan avril 2014 e anvansa li te travay kòm vis prezidan pou edikasyon ak direktè Sant Pwofesè United Federation of Teachers. Madam. Fortino se yon espeyalis ki gen rekonesans nasyonal nan devlopman pwofesyonèl, pwogram detid, evalyasyon ak delvopman pwogram nan pwofesyon ansèyman e li te distenge tèt li pami edikatè yo ki espesyalize nan refòm lekòl pou lekòl ki gen bezwen elve yo. Anvan li te chanje atansyon l pou delvopman pwofesyonèl ak Sant Ansèyman, Madam. Fortino te yon pwofesè edikasyon bonè, yon pwofesè bileng nan edikasyon bonè, edikasyon spesyal ak yon evalyatè edikasyonèl bileng. Li te prezidan Komite Bileng Pratisyen NYSUT, ko-preziidan Konsèy Pratik ak Standa Pwofesyonèl Eta New York pou Ansèyman, yon manm nan Komite Eta New York Pratisyen Tit I ak yon manm nan Federasyon Ameriken Pwofesè Angle pou Gwoup Travay aprantisaj Lang.

Kishayna Hazlewood, Pwofesè Klas 3yèm ane nan P.S. 156 nan Brooklyn

Kishayna Hazlewood se yon pwofesè lekòl piblik ki fyè pou l nan 10^{yèm} ane ansèyman l. Fèt epi elve nan Brownsville Brooklyn, Madam. Hazlewood angaje toutafè nan timoun ak fanmi yo nan kominote a. Tout karyè pwofesè l te nan kominote a, e pandan dènye nèf ane ki sot pase yo li te anseye nan klas twazyèm ane nan PS 156, yon kominote aprantisaj lekòl nan Brownsville. Li travay nan Konsèy Konsiltatif 156^{yèm} Lekòl Aprantisaj Kominotè e li se asistan-prezidan nan ekip planifikasyon vètikal. Antanke yon fèvan patizan nan edikasyon ekitab ak opòtinite pou tout timoun, li angaje anpil nan reyisit tout elèv nou yo. Li se egalman manman de pitit gason ki se pwodui sistèm lekòl piblik la. Kòm yon paran li te travay nan ekip lidèchip Lekòl pitit li yo. Pi gran pitit gason li a se yon resan diplome kolèj e pi piti a nan dènye ane high school li. Madam. Hazlewood gen sètifikasyon ansèyman Eta New York nan alafwa edikasyon bonè ak edikasyon spesyal e li se aktyèlman yon kandida pou Sètifikasyon Konsèy Nasyonal.

Tim Kremer, Direktè Egzekitif Asosyasyon Komisyon Eskolè Eta New York

Tim Kremer te direktè egzekitif Asosyasyon Komisyon Eskolè Eta New York (NYSSBA) depi 1998. Anvan li te rantre nan NYSSBA, Mesye. Kremer te anplwaye pa Asosyasyon Komisyon Eskolè Ohio pou preske 20 ane. Kòm ofisyè

egzekitif anchèf NYSSBA, Mesye. Kremer te dirije pèsònèl asosyasyon 56 pwofesyonèl nan akonpli misyon l sou bay defans, enfòmasyon, pwogram devlopman lidèchip ak sèvis konsiltasyon pèsònalize pou preske 700 konsèy eskolè eta. Domèn espesyalite Mesye. Kremer gen ladan asosyasyon lidèchip, defans lejislatif, gouvènans konsèy eskolè, rekritman ak devlopman egzekitif, chanjman òganizasyon ak relasyon piblik.

Senatè Carl Marcellino, Prezidan Komite Edikasyon Sena

Senatè Carl Louis Marcellino te eli pou reprezante senkyèm distri Sena nan Long Island nan dat 14 mas 1995. Li se prezidan youn nan komite prensipal sena, Komite Edikasyon Sena ak Vis Prezian Komite Transpòtasyon. Senatè Marcellino te travay tou kòm yon manm nan Komite Sena sou Règleman, Finans, Bank, Pwoteksyon Konsomatè, Afè Kiltirèl ak Touris, Konsèvasyon Anviwonman ak Travay. De 1995 jiska 2008 li te travay nan kapasite Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwonman Sena.

Manm Asanble Catherine Nolan, Prezidan Komite Asanble Edikasyon

Catherine Nolan reprezante 37^{yèm} Distri Asanble nan Konte Queens, sa ki gen ladan katye istorik Vil New York Sunnyside, Ridgewood, Vil Long Island, Queensbridge, Ravenswood, Astoria, Woodside, Maspeth, Dutch Kills ak Blissville. Li te premye eli nan Asanble a nan 1984. Manm asanble Nolan te nome Prezidan Komite Asanble sou Edikasyon nan 2006. Li te dirije efò pou rive nan rediksyon kantite elèv nan salklas, inisyativ pre-k inivèsèl, middle school, amelyore pousantaj gradyasyon nan lekòl segondè, pwoteksyon done prive elèv yo ansanm avèk lòt mezi ki pral finalman vle di siksè pou plis pase twa milyon timoun lekòl nan Eta New York. Kòm paran yon elèv ki nan lekòl piblik, manm asanble Nolan pote yon pèspektiv paran nan dyalòg edikasyon ki ankou a. Manm Asanble Nolan te chwazi pou travay nan nouvo Komisyon Refòm Edikasyon NY la nan 2012 ak nan Komite Enplemantas- yon Common Core la nan 2014.

Samuel Radford III, Prezidan, Konsèy Kowòdinasyon Distri Paran nan Buffalo

Samuel Radford III aktyèlman ap travay kòm Prezidan Konsèy Kowòdinasyon Distri Paran nan Buffalo, yon òganizasyon ki responsab pou reprezante enterè paran yo nan distri Lekòl Piblik Buffalo yo. Kòm yon kesyon règleman piblik, enterè Mesye. Radford repoze nan entèseksyon angajman paran, akonplisman akademik elèv ak règleman edikasyon nan nivo distri a. Yon natif natal Buffalo, Mesye. Radford te eksele nan toulède high school ak kolèj piblik, sèvi onorableman nan Kò Marine Etazini apre gradyasyon l nan lekòl segondè. Antanke pwofesè, li te anseye matematik nan Stepping Stone Academy Buffalo e

li te patisipe nan aktivis lekòl piblik depi 1990, lè li te vini Prezidan Konsèy règleman anjeneral pou Head Start Lwès New York. Aktyèlman li se Ko-Prezidan pou Komite Millions More Movement Buffalo Local Action e pa twò lontan de sa li te patisipe nan sesyon enfòmasyon Lidèchip Kominotè Mezon Blanch Prezidan Obama e li te travay nan Konsèy Lidèchip pou Edikasyon Kominotè Mezon Blanch. Li se direktè Masten Resource Center Buffalo Óganizasyon Aksyon Kominotè nan Konte Erie ak benefisyè anpil prim kominotè.

Carrie Remis, Zòn Paran Rochester & Fondatè Pwojè Pouvwa Paran

Carrie Remis te kòmanse karyè li nan edikasyon nan 1994 kòm yon defansè pou sistèm kolèj kominotè Eta New York, reprezante alafwa prezidan kolèj la ansanm avèk konsèy administrasyon an nan Albany. Yon natif natal Rochester, li te retounen lakay li pou travay nan administrasyon Inivèsite Rochester Eastman School of Music ak Margaret Warner Graduate School of Education. Li te travay antanke lidè paran nan distri lekòl Vil Rochester ke Madam. Remis te vin gen preyokipasyon sou inegalite ki nan sistèm lekòl piblik la ak opòtinite ki limite pou patisipasyon enpòtan kominote a pou adrese pwoblèm sistematik sa yo. Nan 2006 li te ko-fondatè Rochester Fund pou Responsabilite Edikasyonèl, yon òganizasyon volontè kap bay asistans teknik ak fòmasyon pou kominote yo envoke dwa yo anba lwa sou edikasyon federal. Nan 2009 li te fonde Pwojè Pouvwa Paran, ki vize nan devlope kapasite defans òganizasyon paran yo nan eta. Nan 2012, Gouvènè Cuomo te nome Madam. Remis kòm reprezantan paran nan nouvo Komisyon Refòm Edikasyon NY la. Madam. Remis te yon adèp vokal pi gwo transparans ak patisipasyon paran nan diskisyon sou politik edikasyon. Nan 2013, Madam. Remis te ko-prezide Konsèy Ansèyman Bonè Majistra Warren ki rekòmande mezi nan tout vil la pou elimine obstak pou bon jan kalite edikasyon bonè.

Randi Weingarten, Prezidan Federasyon Pwofesè Ameriken (AFT), AFL-CIO

Randi Weingarten se prezidan 1.6 milyon-manm Federasyon Pwofesè Ameriken, AFL-CIO, ki reprezante pwofesè yo, para-pwofesyonèl ak anplwaye ki gen rapò avèk lekòl; pwofesè edikasyon siperyè ak anplwaye; enfimyè ak lòt pwofesyonèl swen sante; anplwaye nan gouvènman lokal, eta ak federal; ak edikatè timoun piti. Anvan elekesyon l kòm prezidan AFT nan 2008, Madam. Weingarten te travay pou 12 ane kòm prezidan United Federation of Teachers, AFT Lokal 2, reprezante apeprè 200,000 edikatè nan sistèm lekòl piblik Vil New York, ansanm avèk kay founisè swen timoun ak lòt travayè yo nan sante, lwa ak edikasyon. Madam. Weingarten gen diplòm nan Cornell University Lekòl Endistriyèl ak

Relasyon Travay ak Lekòl Avokal Cardozo. Li te travay kòm yon avoka pou Wall Street firm of Stroock & Stroock & Lavan de 1983 a 1986. Li se yon manm aktif nan Komite Demokratik Nasyonal ak plizyè pwofesyonèl, sivik ak òganizasyon filantwopik. Fèt nan ane 1957 epi elve nan Konte Rockland, N.Y., Madam. Weingarten kounye a abite nan Long Island ak nan Washington, D.C.

Nancy L. Zimpher, Chanselye, State University of New York (SUNY)

Nan Jen 2009 Nancy L. Zimpher te vini 12yèm Chanselye nan State University of New York. Avèk preske 463,000 elèv ak 64 kolèj ak inivèsite, SUNY se pi gwo sistèm global pou edikasyon siperyè nan peyi a. Chanselye Zimpher aktif nan anpil òganizasyon edikasyon nasyonal ak eta, e li se yon lidè ke yo rekonèt nan domèn preparasyon pwofesè, edikasyon iben, ak angajman kominotè inivèsite – enkli kòm yon lidè pou Estanda elve, sa ki sèvi kòm yon mwayen pou mobilize sipò Estanda Common Core la. Anvan li te vini nan SUNY, Dr. Zimpher te travay kòm prezidan Inivèsite Cincinnati, chanselye Inivèsite Wisconsin-Milwaukee, ak dwayen egzekitif Kolèj Pwofesyonèl ak dwayen pou Kolèj Edikasyon nan Ohio State University. Li te ekri oswa ko-ekri plizyè liv, monograf, ak atik jounal akademik sou edikasyon pwofesè, edikasyon iben, lidèchip akademik, ak patenarya lekòl /inivèsite.

Yon transkripsyon sou videyo diskou Gouvènè a disponib anba:

Bonjou, Mwen se Andrew Cuomo, Gouvènè nou e pi enpòtan ankò mwen se papa 3 gran pitit fi e mwen te chita sou tab kwizin lan avèk yo aswè anpil fwa pou revize tès ak devwa mezon yo. Kidonk mwen konnen edikasyon piblik se youn nan wòl ki pi enpòtan ke gouvènman pèfòme.

Peyi sa a nan mitan yon revolisyon edikasyon, menm jan avèk eta sa a. Mwen te pale avèk paran, pwofesè, sipè-entandan, ak konsèy admiistrasyon lekòl yo, toupatou nan eta e mwen konnen ke sitiyasyon an kritik – Mwen te tandè mesaj la klè: nou dwe pran aksyon e nou dwe pran aksyon kounye a pou fikse lekòl nou yo. N ap fè l.

Kite m ba nou kèk istwa sou kesyon an. Premyèman nan 2009 gouvènman ak edikatè yo nan tout peyi a te kòmanse devlope yon nouvo fason pou anseye. Objektif la se te pou asire ke tout elèv yo gen aksè a estanda elve ki prepare yo pou kolèj ak pou travay e ke chak timoun, nan chak kod postal, gen yon edikasyon kalite. Sa yo te vin konnen kòm estanda common core. Gouvènman federal la alòs te fè kontenjan finansman pou aksepte sa yo oswa estanda ki menm jan. Li te fè kontenjan finansman sou evalyasyon pwofesè ki itilize done ansanm avèk lòt mezi pratik. Sa te vin konnen kòm kous federal pou gwo pwogram yo.

Nan 2010 Eta nou an, tankou pifò nan eta nou yo nan peyi a, te adopte Kous sou gwo pwogram yo. Depatman Edikasyon Eta te dwe enpleman pwogram lan, ki refere tankou SED. Nouvo sistèm sa te remanye konsiderableman status quo a. Sa yo se te gwo chanjman nan edikasyon piblik ki tap vin difisil pou adopte mnem si li te administre pafètman – sa ki pat fèt. Kounye a, mwen kwè ke objektif la se sa ki bon an– estanda elve nan edikasyon– nou tout vle sa. Men fason yo te enstitye li a pat reyisi.

Papa m te konn abitye di, “gen anpil bon lide– esansyèl la se pou fè yo travay.” Enplemantasyon common core la senpleman pa travay.

Tankou lòt moun yo nan tout peyi a, elèv, pwofesè, administratè, ak paran yo nan konfizyon epi angwase. Evidans echèk la toupatou. Jodia anpil pwofesè ak sipè-entandan nan eta vrèman konstate erè yo ki gen nan pwogram lan. Yap fè remake ke yo pat resevwa ase sipò pou konprann toutafè epi enpleman tranzisyon dramatik sa a. Li tan pou nou revize pwogram common core la epitou fason nou teste elèv nou yo.

Antanke paran mwen kwè ke sistèm tès edikasyon nou an twò souvan twò long, e nou ta dwe retire presyon inital la sou timoun nou yo ki detounen nan tan yo pase ap aprann. Pa gen okenn dout ke tès oswa evalyasyon yo gen yon wòl nan edikasyon– Mwen konprann sa – men mwen panse ke yo ta dwe redwi nan kantite tès yo, enkli kantite tès lokal yo.

Ane pase pou diminye nan angwas elèv yo, ane pase nou te pase yon entèdiksyon tanporè sou rezilta nòt yo paske nou pat vle atifisyèlman nòt fèb anrejistre nan dosye akademik elèv nou yo. Nou te pase yon lwa pou amelyore transparans lè nou te mande SED pou pibliye tès yo a piblik la epi mete fen nan sekre ki anviwone sistèm nan ak asire ke evalyasyon pwofesè yo konte pou diferan demografik nan lekòl nou yo – nou gen lekòl avèk diferan nivo povrete, diferan kalite konpetans langaj, elatriye. Kounye a, mwen kwè sa yo se te bon chanjman, men yo pat ase e nou dwe fè plis pou refòme sistèm lan paske gen toujou anpil deranjman, angwas ak konfizyon.

Lòt eta yo ap re-evalye estanda common core yo. Nou dwe fè menm bagay la nan New York. Jodia mwen anonse fòmèlman yon nouvo Gwoup Travay ki konpoze de manm komisyon edikasyon mwen an, ki dirije pa Prezidan komisyon an Richard Parsons. Gwoup Travay ap gen ladan edikatè, pwofesè, paran, ofisyèl ki soti nan Depatman Edikasyon Eta ak sendika pwofesè, ak lejislatè toulède pati yo nan toulède Asanble a ak Sena. Yo pral reprezante tou chak kwen nan Eta New York.

Kalandriye Gwoup Travay la dirèk ak senp: pou remanye sistèm common core la– pou

fè yon redemaraj total. Espesyalman responsabliite Gwoup Travay la sou common core la se nan fason sa a:

Premyèman, nou bezwen fè yon revizyon anwo anba kote sa nesesè nan estanda common core yo. Tout moun dakò nou vle estanda ki pi elve– enkli, nan fason, sendika pwofesè ak refòmè edikasyon yo– men strateji a dwe enpòtan pou eta nou an. Pa gen anyen ki komen osijè eta nou an. Nou ta dwe fè estanda New York devlope pa pwofesyonèl lokal ak eta New York pou elèv New York yo. Chanjman sa yo pa ta dwe fèt nan non sèlman men tou nan sibstans. Nou ta dwe asire ke estanda sa yo asire ke timoun yo edike nan lekòl Eta New York yo lekòl yo ka fè konpetisyon nan kolèj, oswa pou travay, oswa avèk elèv yo ki nan nenpòt lòt eta oswa nenpòt lòt vil toupatou nan mond lan.

Dezyèmman, Gwoup Travay la pral revize gid pwogram etid eta pou asire li adapte a estanda yo. Pi enpòtan ankò revizyon sa dwe santre sou epi asire ke SED bay pwofesè yo sipò ki apwopriye ak sifizan yo bezwen pou enstri elèv yo. Anvan ke yo prezante yon elèv yon nouvo materyèl, pwofesè a dwe premyèman konprann li epi santi l alèz avèk li – e sa pa fèt isit la.

Twazyèmman, Gwoup Travay la dwe devlope yon pwosesis pou asire ke tès elèv yo adapte a pwogram etid la ansanm avèk estanda yo.

Katriyèmman, Gwoup Travay la pral egzamine enpak entèdiksyon aktyèl la sou klasman nòt Common Core pou wè si wi oswa non li ta dwe pwolonje.

Senkyèmman, Gwoup Travay la ap konsidere kijan eta ak distri lokal yo ka redwi nan kantite tès yo nan eta epi redwi tou kantite tan elèv yo pase pou pran tès yo, paske kèk ladan yo ridikilman twò long. Egalman, Gwoup Travay la ta dwe devlope yon plan avèk distri lokal yo pou revize tout tès yo– tès eta ak tès lokal yo – revize yo avèk paran yo pou analize objektif tès ak itilite tès yo avèk objektif pou diminye chaj total tès yo.

Sizyèmman, Gwoup Travay la ap revize kalite tès yo an yo menm pou asire ke kontraktè prive eta ap itilize a ap fè yon travay konpetan ak pwofesyonèl.

Mwen te mande Gwoup Travay la pou mete tout pwosesis la osi transparan ke posib. Li dwe kominike avèk paran, pwofesè ak edikatè yo toupatou nan eta. Gwoup Travay la pral bay rapò li nan fen ane a kidonk nou ka fè chanjman pozitif sa yo osi rapidman ke posib. Rapò a ap disponib a piblik la kidonk tout moun ka revize l.

Mwen kwè anseye se yon travay ki enpòtan ak difisil. Anmenmtan nou dwe kenbe responsabilite nan sistèm nou an. Anseye se yon travay ki difisil. Kounye a, ou pa bezwen gen konfizyon sou sa ou te tandè nan dezakò avèk lòbiyis Albany yo. Pa gen okenn dout mwen gen diferans avèk lòbiyis yo. Se te pandan lontan men sa se yon lòt istwa e sa pa gen anyen pou wè avèk fason mwen santi m pou pwofesè yo nan eta. Manman m te yon pwofesè lekòl. Mwen gen pi gwo respè pou pwofesyon an ansanm avèk angajman pwofesè yo genyen pou elèv yo ak metye yo. Mwen kwè pwofesè yo kap bay bon pèfòmans ta dwe rekonpanse e yo ta dwe jwenn bonis. Nap adopte premye sistèm bonis pwofesè nan eta. Nan mwa janvye ki pral vini an, mwen pral pwopoze pou yo bay pwofesè yo kredi taks pou lajan yo depanse nan salklas yo pou achte founiti ki soti nan pòch yo. Li egalman enpòtan ke pwofesè yo ki bezwen asistans ta dwe resevwa sipò yo bezwen an. Pandanke sistèm evalyasyon pwofesè a rekonèt nasyonalman kòm yon etap nan bon direksyon an, mwen kwè li dwe fèt kòrèkteman ak ekitableman. Li esansyèl ke evalyasyon pwofesè sipòte pwofesè yo nan amelyore pratik yo, men se pa pou pini yo. Anmenmtan nou ta dwe asire ke tout elèv yo gen aksè a pwofesè ki kalifye.

Tranzisyon ane sa a te peze espesyalman lou sou pwofesè nan salklas la, kidonk dapre lalwa nou te mande SED pou aplike yon nouvo sistèm evalyasyon pwofesè ki pa fòse pwofesè a pou anseye tès la men pito pou teste elèv la sou sa li te aprann nan salklas la. Evalyasyon an ta dwe ekite pou pwofesè a ak elèv la e li ta dwe gen ladan obsèvasyon pèfòmans salklas pwofesè a apati lòt edikatè ki fòme. Pwosesis evalyasyon SED a avèk dwa pou konteste yon evalyasyon anba sikonstans yo kote evalyasyon an ewone oswa enjis. Pèsan– pèsan – pa vle yon sistèm evalyasyon ki pa egzat oswa enjis.

SED gen yon nouvo komisyonè ki te vwayaje nan eta pou rankontre avèk paran ak pwofesè ak administratè yo. Mwen te pale avèk li e mwen panse li konprann e mwen espere ke nouvo sistèm evalyasyon an ap travay ekitableman ak efikasan pou tout moun.

Pa gen okenn dout ke sistèm edikasyon nou an dwe devlope ak evolye. Mwen konprann sa a. Fason yo te aprann mwen nan lekòl primè se pa konsa li ye jodia. Toutfwa, mwen konprann tou ke chanjman difisil espesyalman nan yon sistèm ki konplike anpil li dwe adopte avèk anpil atansyon. Sa pa rive isit la. Nou dwe fikse l e nou dwe fikse l kounye a.

Zanmi m, objektif mwen e mwen sèten ke objektif ou se pou genyen pi bon sistèm edikasyon nan peyi a pou tout timoun nou yo. New York dwe fè yon tranzisyon nan epòk edikasyon modèn nan e tranzisyon sa dwe fèt nan yon fason ki enspire konfyans e

pa angwas lakay elèv ak paran nou yo e fè pwofesè yo santi ke yo gen sipò ak rekonpans men se pa pou kritike yo. Mwen enpasyan pou Gwoup la kòmanse travay li. Mwen ankouraje paran ak edikatè yo pou patisipe nan pwosesis la paske se osijè avni pitit nou yo e edikasyon yo ap detèmine kapasite yo pou fè konpetisyon nan mond demen an. Yo merite tout avantaj nou ka ba yo. Mwen tap fè tout bagay pou twa pitit fi mwen yo e mwen konnen ke wap fè tout bagay pou pitit ou yo. Kidonk an nou ba yo yon chans.

Mwen kwè nan fen jounen an, bagay yo ka sanble konplike anpil, men an reyalyte yo osi senp ke sa. Toujou gen yon verite debaz e verite debaz la se pa osijè politik e non pa osijè demokrat ak repibliken, se pa osijè biwokrasi, e li pa osijè politisyen oswa otorite sendika yo. Edikasyon se osijè timoun yo. Edikasyon se osijè timoun yo e si nou sonje sa e si nou gide pa sa, solisyon yo ap fasil. Objektif la ta dwe senp: pi bon edikasyon pou timoun nou yo. Se sa li ye E mwen pral fè tout sa mwen kapab pou fè sa vini yon reyalyte. Granpè mwen te konn abitye di, “pitit nou yo se eritaj nou– nou viv pou yo.” Li te kòrèk. An nou fikse pwoblèm yo. An nou dirije wout la. Mwen konnen nou pral fè sa– ansanm.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418